


La Bib pou ti moun
prézanté



Danyèl ak
tou (fòs)
lyon yo



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Dariyis se te nouvo wa Babilòn. Li te entelijan. Li te nonmen 120 nan pi bon zòm nan wayòm li an pou ede l gouvènen. Li te mete twa chèf sou tèt yo. Danyèl se te youn nan twa mesye sa yo.



Wa Dariyis te respekte Danyèl anpil. Li te panse
nonmen li gouvènè tout wayòm nan.



Lòt chèf yo te jalou. Yo t ap chèche yon rezon pou
y akize Danyèl pou yo te ka lakòz li genyen pwoblèm
ak wa a.



Men, kèlkeswa sa yo te eseye, chèf sa yo pa te jwenn okenn fot pou yo repwoche Danyèl. Danyèl te fidèl ak wa a nan tout sa li t ap fè. Li te pridan anpil tou epi li t entelijan, epi li te toujou bay tout li menm nan tout sa l t ape fè.



Chèf jalou yo te konnen se te yon sèl fason ki
genyen pou yo pran Danyèl nan pyèj. Yo te konnen
pa gen anyen sou latè ki te kapab anpeche Danyèl
priye Bondye Izrayèl la.






Lènmi Danyèl yo te
panse ak yon plan.
Yo te prepare yon
nouvo lwa pou fè wa
a siyen. Lwa a te
entèdi nenpòt moun
priye lòt moun apa
de wa Dariyis.
Nenpòt moun ki te
dezobeyi lwa sa a
yo t ap jete li nan
tou lyon an !




Wa Dariyis te siyen nouvo Iwa a.



Nouvo lwa a pa te chanje
anyen pou Danyèl. Li te
fè sa li te toujou konn fè
a. Twa fwa pa jou, li te
mete ajenou bò fenèt li a
ki te louvri epi li te priye
Bondye.






Chèf jalou yo te prese al di wa a sa. Wa Dariyis te oblije arete Danyèl. Lalwa a te dwe respekte. Danyèl te dwe mouri. Wa a te chèche yon fason pou li chanje lalwa a, men li pa te jwenn anyen.



Danyèl te kondane pou yo te jete li nan tou lyon yo epi pou l mouri la. Anvan yo te jete Danyèl bay lyon grangou yo, wa Dariyis te di li : "Bondye w la, w ap sèvi fidèlman an, ap sove w !"



Wa a pa te dòmi jou lannuit sa a. Nan denmen
maten byen bonè, li te prese ale nan tou lyon yo.







Wa Dariyis te rele
byen fò : "Danyèl,
sèvitè Bondye vivan
an, èske Bondye w la,
w ap sèvi avèk
fidelite a, te kapab
delivre w anba men
lyon yo ?" Petèt li pa
t ap tann yon repons.
Men, Danyèl te
reponn !



Danyèl te
reponn, "Wa
mwen, Bondye
mwen an te
voye zanj li a
ki te fèmen
bouch lyon yo,
pou yo pa te
ka fè mwen
okenn mal !
Epi anvè w, wa
mwen, mwen
pa te fè
ankenn fot."



Wa Dariyis te kontan anpil ! Li te bay lòd pou yo fè
Danyèl soti nan tou a.



Wa a te konnen Bondye
te delivre Danyèl epi lènmi
Danyèl yo se te lènmi Bondye.
Li te bay lòd pou yo lage tout
moun ki te twonpe l pou yo
fè l siyen move lwa
sa a bay lyon yo.
Lyon yo te
manje yo.



Wa Dariyis te vle pou tout moun konnen Bondye te pwoteje fidèl sèvitè li a, Danyèl. Wa a te ekri yon lèt pou li te mande tout moun pou yo priye Bondye vivan an. Epi wa a te bay Danyèl lonè l ak dirije wayòm li a ankò.



Danyèl ak tou (fòs) lyon yo

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Danyèl 6


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





34



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'ètènité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

